



Center for  
Black  
Studies  
Research

---

Rasin Neyoliberal Nan "Kriz Lavi Chè A"

Author(s): Mark Schuller

Source: *Journal of Haitian Studies*, Vol. 17, No. 1 (Spring 2011), pp. 140-154

Published by: [Center for Black Studies Research](#)

Stable URL: <http://www.jstor.org/stable/41711913>

Accessed: 03-12-2015 14:46 UTC

---

Your use of the JSTOR archive indicates your acceptance of the Terms & Conditions of Use, available at <http://www.jstor.org/page/info/about/policies/terms.jsp>

JSTOR is a not-for-profit service that helps scholars, researchers, and students discover, use, and build upon a wide range of content in a trusted digital archive. We use information technology and tools to increase productivity and facilitate new forms of scholarship. For more information about JSTOR, please contact support@jstor.org.



Center for Black Studies Research is collaborating with JSTOR to digitize, preserve and extend access to *Journal of Haitian Studies*.

<http://www.jstor.org>

---

## RASIN NEYOLIBERAL NAN “KRIZ LAVI CHÈ A”

**Mark Schuller**

*York College (CUNY) and Université d'État d'Haïti (UEH)*

---

Nan kòmansman mwa davril 2008, yon gwo van mobilizasyon soufle sou peyi Dayiti. Plizyè milye moun te pran lari pou manifeste kont lavi chè a. Nan jedi 10, sa te pran yon lòt dimansyon. Kèk manifestan te boule kawoutchou, bloke gran lari nan Pòtoprens epi kèk ti grenn ladan piye magazen. Afwontman ant manifestan yo ak lapolis epi Minista (“MINUSTAH” an franse) te lakòz senk moun mouri.

Laprès entènasyonal te pale sou evènman sa ki te pase yo, men li pat bay twòp enfòmasyon pou fè moun konprann. Istwa kap parèt nan nouvell montre yon vye imaj Ayisyen ki tap soufri depi lontan; istwa moun nan peyi a deja konnen fen e byen. Medya etranje yo prese ale chache nouvell sou Minista ki ap kraze manifestasyon ak bal plastik epi Depatman deta Ameriken ki ap mande resòtisan li yo pou yo pa mete pye an Ayiti. Kidonk, jan yo te montre sa a nan nouvell, se yon peyi ki te fin kraze. Epi plòp plòp, depi premye faz kriz la fin pase, yo retire Ayiti nan laprès, ki ba yon imaj ke Ayiti se yon kote san lespwa, vyolan, epi danjere.

Menm jan lanmò moun, kay andomaje epi klima laperèz di anpil, se konsa tou wè “grenadye” yo nan lari a se wè pi klè toujou yon kriz ki genyen rasin fon nan tè. Travay sila pral demontre kouman gouvènman ayisyen, an ansanm ak kominote entènasyonal la, te jwe gwo wòl nan kreye kriz lavi chè a ki te paralyze peyi a depi 2008. Se menm fòs sa yo ki responsab tou pou kontinye kriz la jouk jounen jodi a, sitou aprè kokennchenn tè tranble sa a ke Ayiti sòt pase a an 2010 e ki vinn mete absè sou klou.

### TÈT ANSANM

Nan moman kriz la nan lane 2008, te gen plizyè milye moun nan popilasyon an ki te chwazi leve kanpe (kèk grenn lòt te pito piye magazen), men tou anpil moun nan majorite ki pi pòv la te demontre yon lespri youn ede lòt pou yo te kapab kontinye batay jis pou yo viv. Leve kanpe pou lamanjay epi kèk ka piyay magazen kache yon lòt reyalyte: afè youn ede lòt la egziste jouk jounen jodi a an Ayiti. Li pa fasil pou etranje wè

relasyon envizib sa yo, men menm nan kapital la ki chaje ak moun ki sipoze pa konnen youn ak lòt, Ayisyen toujou kase moso pen bay vwazen epi vye fanmi yo. Anpil fwa, mwen te wè yon vwazen, yon fidèl legliz, yon kòlèg travay, yon zanmi oubyen yon kouzen ale kay yon lòt avèk yon plat manje nan men l, yon fason pou lòt moun te asire ke chak kretyen vivan te genyen kichòy pou mete nan vant li aswè sa a.

Pifò moun an Ayiti ke mwen konnen òganize epi patisipe nan yon “sòl” san okenn èd. Dabitid, lè men an rive yo pran li pou peye fèm kay (sis mwa oubyen yon lane), oubyen yo sèvi avèk li pou peye lekòl timoun ki koute 25 pou rive 50 % nan ti sa a yo touche kòm salè minimòm. Apre sa a, menm nan Pòtoprens, menm nan pi gwo moman kriz la, genyen gwoupman katye ki ranmase fatra, bouche twou nan lari epi kèk fwa menm louvri lekòl nan kominote a tou.

Lè moun medya yo ap pale sou peyi a, yo pa twò di sa, men tradisyon tèt ansanm nan an Ayiti pèmèt popilasyon ki ap viv nan maj sosyete a (alepòk yo te touche 70 goud / 1,75 dola etazinyen<sup>1</sup> kòm salè minimòm) siviv. Jan pwovèb la di li a: bourik chaje pa kanpe. Moun yo fòse fè fas kare ak anpil pwoblèm. Yo ta dwe kanpe nòmalman men yo konnen fòk yo kontinye.

Youn nan keksyon atik sila a ap cheche konprann se: malgre tout sistèm solidarite a, poukisa kèk milye moun te pran lari nan Avril 2008? Anpil moun tap di mwen depi 2004, pi gwo pwoblèm yo se “lavi chè a.” Frisline,<sup>2</sup> yon ouvriyèz nan senkantèn ke yo te revoke depi 2006, te pale pou anpil moun, nan videyo *Poto Mitan* (Bergan and Schuller 2009): “Ki sa k ap ravaje peyi a, kap fè nou soufri toutan? Se paske ou pa ka achte anyen. Gen yon lavi chè k ap touye n an Ayiti.” Li kontinye: “Si w te konn achte sak diri a \$200, w ap achte l \$300. Sèlman kounye a, yon ti mamit sik ap vann \$5, yon ti mamit diri ap vann 18, 19 goud, yon ti mamit pwa ap vann \$5. Menm si w ap travay pou \$14, w ap achte yon galon gaz pou \$50. Ou wè? La a ou mèt fè 3 jou travay ou pa ka achte yon galon gaz.”

Chak fwa mwen vini an Ayiti, pri manje toujou monte. Preske chak fwa, mwen jwenn yon nouvel yon moun ki mouri akòz li pa gen dlo pwòp pou bwè, manje an kantite pou li manje, oubyen swen sante. Twa semèn avan mobilizasyon ann Avril 2008, kèk kòlèg nan yon òganizasyon fanm tap kriye akòz Doudou te mouri. Dam sa a ki te genyen laj apepre 45 konsa tap travay nan yon sant sante. Li te soufri tansyon ak sik (de maladi yo kapab trete depi lontan nan peyi Etazini). Doudou te ka chape lavi li malgre Ayiti pa twò envesti nan lasante si li te genyen mwayen pou l peye yon lopital prive. Kòm se yon ti monnen li tap touche, li pat kapab.

Pri pou lwaye kay nan bon zòn (ki gen sekirite) nan Pòtoprens te double

pou anpil moun nan lane 2004 ak 2005.<sup>3</sup> Malere / malerèz yo te oblije kouri Bèlè oubyen Sitesolèy kote afwontman ant gang ak zam epi Minista te fèt chak jou. Solange te esplike nan *Poto Mitan*: “Nan katye kote m rete a (Boston, Sitesolèy), sa k gen tan soti yo soti. Sa k ladan l oblije [rete], li pa gen mwayen. Ou chita anndan kay, bal ap pete anndan kay.”

Pri pwodui premye nesosite tankou diri, mayi, pwa ak lwil monte an mwayèn 30 ak 40 % sou yon peryòd yon lane. Pri gaz la ki monte anpil tou yon jan esplike sa ki fè lòt pri sa yo grenpe tèt nèg.<sup>4</sup> Sepandan, pou *Le Nouvelliste*, pri gaz la te monte 15% sèlman pou menm peryòd la.<sup>5</sup> Nou mande poukisa pri pou manje te ogmante 2 fwa plis pase gaz? A lè ki lè, ki lòt kontrandi nou ka jwen pou esplike koz rès kriz la? Frisline te esplike: “Peyi Dayiti se pa manje l pa ta ka manje non! Se gwo yo ki pa konprann malerèz.”

Pifò medya etranje toujou di Ayiti se “peyi ki pi pòv nan Amerik la” akòz mezi ekonomik (80% moun ap viv ak mwens pase 2 dola etazinyen chak jou, prèske mwatye ladan yo touche yon dola etazinyen oubyen pi piti); yo pa sitan pale tou dèske se kote ki genyen plis inegalite tou. Li dezyèm aprè peyi Namibi sèlman nan sa ki konsènen inegalite nan lajan moun touche (Jadotte 2006). Se peyi tou ki genyen plis milyonè parapò ak popilasyon nan peyi Amerik yo. Margarethe Théusla, yon ouvriyèz ki gen yon trantèn lane epi ki manman 2 pitit, di: “Lè yo mande èd pou moun ki pa kapab, vle di se pou yo [menm] yo mande èd la. Ou gendwa ap tande yap debloke konbyen mil dola pou èd ann Ayiti. Le l vini ou pa wè sa y ap fè avèk èd sa a. Ou we se sou mache y ap vann, [men] ou menm malere malerèz, ou pap janm wè li.”

### **“SE TANN N AP TANN. SE SWIV N AP SWIV”**

Wòl gouvènman peyi Dayiti te jwe nan kriz la pa jwenn anpil atansyon nan medya yo. Gouvènman defakto sou anplwaye retirete Nasyonzini Jera Latòti (Gérard Latortue) t ap dirije a (2004-2006) pat pran pyès mezi efikas pou kanpe pri lwaye kay, pri manje ak kous machin ki tap monte. Pa kont, nou ka konstate ke pawòl li tap pale epi zak li tap poze te pi plis jwe yon wòl nan ogmantasyon pri yo.

Pandan premye mwa li pase alatèt gouvènman peyi a, Latòti retire demann restitasyon 22 milya dola etazinyen Aristid te fè bò kote peyi Lafrans, epitou li koupe lyen diplomatik ak CARICOM (kominote karayibeyen nan). Li wete chapo devan gwoup swadizan “rebèl” yo epi batize yo “konbatan pou libète.” Epitou li fè gwo enpòtatè yo pa peye taks pandan twa lane apre kou a. Se moun sa yo ki gen kontwòl komès nan peyi a ak letranje. Nan yon dokiman “kou l cho l kwit” yo rele “Kad

Koperasyon Enterimè” (CCI, an franse)<sup>6</sup> Latòti pase plim anba plan neyoliberal yo tankou privatizasyon antrepriz leta yo, li bese taks sou diri enpòte, epi li mete yon plan pou devlope agrikilti ak endistri ki chita sou ekspòtasyon pou kraze pwodiksyon nasyonal la.

Pèp la ap pale sou lavi chè a san rete depi kèk lane. Se pa yo menm sèlman. Chante Kanaval, mizisyen gwoup rasin epi gwoup konpa ki pa konn fè politik dirèk rele chalbari dèyè lavi chè a tou. Nan mwa Jiyè 2008 la yon chante Djakout Mizik kap pale sou “klowòks” kòmanse parèt nan taptap. Mesaj la te klè: moun te grangou e yo te jwen diferan mwayen pou you di yo bouke ak eksplwatasyon nan sektè politik ak ekonomik yo ki anpeche pèp la manje.

Pwoblèm sa a te lakòz gwoup lènmi sou kesyon Aristid te mete fòs yo ansanm: selil Fanmi Lavalas mande Latòti pou rezoud pwoblèm andan revandikasyon yo nan mobilizasyon yo. Gwoup nan lagoch tankou PAPDA ki te nan lopoziyon epi òganizasyon etidyan te òganize sitin pou fòse gouvènman an desann pri pwodui premye nesosite. Latòti te pwomèt li ap kreye yon komisyon pou etidye pwoblèm nan. Nou pa bezwen di ke jis li te ale pa gen anyen ki te fèt.

Lè pou eleksyon fèt rive, kominote entènasyonal la mete reta ladan. USAID bò kote pa li te eseye enfluyans rezilta yo nan bay Gallop kòb pou fè sondaj ki montre popilarite ansyen prezidan René Preval tap degrenngole. Preval te ranpòte majorite vwa yo, men bilten blan yo te lakòz li desann yon ti kras anba 50%. Tankou pifò peyi nan Amerik Latin nan, Konstitisyon peyi Dayiti prevwa yon dezyèm tou pou de premye kandida ki antèt yo. Daprè enfòmasyon mwen te rive jwenn nan men kèk moun nan ONG ak moun nan gouvènman, kominote entènasyonal la te sèvi ak rezilta eleksyon an – kote Preval te jwenn yon tikras mwens ke majorite a – kòm yon pretèks pou ensiste mande Preval pou fòme yon “gouvènman inite nasyonal” ki gen ladan manm tout pati yo ki te gen reprezantan nan Palman an.<sup>7</sup>

Gouvènman Preval la te fè yon ti pwogrè sou plan sekirite ak estabilizasyon. Kidnapin ansanm avèk zak ansasinay te bese. Pou fè fas ak mobilizasyon sou kesyon lavi chè a, yon nan premye aksyon prezidan Preval se te negosye akò Petwo-Karibe ak prezidan Venezyelyen an, Ougo Tchavez (Hugo Chávez). Se yon akò bilateral ki ofri gaz a bon mache epi kredi nan to enterè ki ba. An Ayiti, akò a te gen ladan tou pou l mete sou pye twa sant elektrik pou leta. Daprè yon moun nan kabinè prezidan an, twa sant sa yo te dwe rantre nan fonksyon nan mwa davril 2008. Palman ayisyen an te ratifye akò Petwo-Karibe a nan mwa dout 2006. Depi lè a, kous kamyonèt desann senk goud, jan sa a te ye anvan Aristid te ale.<sup>8</sup>

Sepandan, anpil moun te konn di mwen: “se tan n ap tann” oubyen “se swiv n ap swiv.” Anpil moun te di yo kontan avèk prezidan Preval poutèt li onèt epi sensè, men moun nan tout kouch sosyal mwen te pale avèk yo an prive (travayè jounalye, timachann nan lari, ouvriye faktori, anplwaye ONG ak lòt moun nan klas mwayèn) plenyen poutèt li parèt yon jan mòlòkòy epi li pa renmen pran lapawòl devan piblik: li se yon “bèbè” pou anpil Ayisyen. Pou anpil obsèvatè, pale li pa pale a te kontribye pou kenbe establiite “gouvènman inite nasyonal” la; men moun te konstate ke mank daksyon gouvènman te lakòz ke vyolans ak lavi chè a tounen.

Èvènman kòmansman mwa davril 2008 te montre pasyans pèp la gen yon limit. Vilner Chery, yon ti peyizan ki fè lèlway, ansanm ak moun nan zòn li an te bloke Wout Nasyonal #2 a sou bò Okay epi denonse: “Pitit nou ap mouri anba grangou, nou pa ka ba yo lamanjay. Nou konnen nou gen yon prezidan nan peyi a. Se sa ki blije nou pran beton an pou kriye osekou bay moun ki gen mwayen pou ede nou. Se poutèt sa a nou mete barikad pou bloke lari a. Fòk prezidan an di yon mo.” Mobilizasyon Chery a ak lòt moun nan Sid pat gen vyolans ni men politisyen deyè yo. Se te mouvman ti peyizan. Jounalis Reed Lindsay ap site Jeff Desrosiers, yon lòt ti peyizan: “Nou pa bloke lari a pou n kraze machin epi fè dezòd. Nou annik vle prezidan Preval vin pale ak nou pou pri diri a ka desann. Gen 8 moun ki sòt mouri la a akòz grangou.”

Moun te byen konnen pwoblèm yo. Tankou malerèz pye blanch nan Pòtoprens. Tankou Linda ki t ap mande: “Èske lavi chè a pa ko monte pi wo nan [moun] leta? Paske pèp la li menm lap soufri, epi leta pa fè anyen.” Lindsay te rapòte demann Frantz Thélusma, yon lidè kominotè nan Kavayon: “Premyèman, nou mande pou gouvènman an foure plan neyoliberal la nan tiwa. Nou pap asepte plan lanmò sa a. Epi fòk gouvènman an kontwole mache a epi desann pri pwodui premye nesosite yo.”

Moun nan Pòtoprens vini foure kò yo nan koze a aprè. Devan bann nan te genyen swadizan “klas politik” tankou Senatè yo. Daprè Lindsay, manifestasyon nan Pòtoprens yo te gaye pi plis nan lari yo, men si yo te diferan ak premye manifestasyon ki te fèt andeyò kapital la. Yo pat genyen menm motivasyon ak popilasyon andeyò yo. Souvan se enterè politik “klas politik” ki te vin patisipe, makonnen ak gwo dezespwa pèp la ak moun ki pa konn lòt, ki lakòz vyolans lan nan manifestasyon Pòtoprens yo. Kèk repòtaj te di ke anba anba genyen men politik ki kache deyè “leve kanpe” sa a. Carol Williams rapòte nan yon istwa nan jounal *LA Times* jou 13 avril la ke Pè Jera Janjis (Gérard Jean-Juste), kòkòt Aristid, te nan tèt rasanbleman an. Konklizyon nou vin jwen nan atik la sè ke Lavalas pat kontan akòz gouvènman inite nasyonal la tap kalewès; Lavalas mande tou pou li voye je epi gade sou sitiyasyon an. Sinon se kraze brize.

Jou samdi 12 avril la, chanm Sena a te destitue premye minis Jak Edwa Aleksis (Jacques Edouard Alexis) ak 16 vwa, san 10 manm pati Lespwa prezidan an ki pat vote ni pou ni kont. Youri Latòti (Latortue), yon lidè lopozisyon nan ladwat, te alatèt mouvman sa a nan Palman an. Latòti te di demisyon Aleksis a plis negosiyasyon prezidan Preval t ap mennen ak gwo komèsan lokal epi ajans entènasyonal yo pou desan pri diri etranje a (sòti 51 pou desann 43,9 dola etazinyen)<sup>9</sup> “tap satisfè pèp la.” Kèk moun nan ONG ak nan gouvènman an te wè Aleksis kòm yon chanpyon nan plan neyoliberal ki tap fè manigans pou privatize konpayi telefòn TELECO ak revoke plizyè milye anplwaye. Se te apre goudougoudou TELECO a te fin privatize nèt.

Pandan yo ap montre senatè Lespwa yo te boude vòt la, lòt moun pat dakò ak entèpretasyon sa a. Yo te pito ap keksyone lide Latòti te genyen nan tèt li. Analiz sa yo kontinye pou di se posib Aleksis tap fè kanpay pou politik neyoliberal. Men, mouvman Latòti te mennen pou kreye yon vid ta kapab bay yon premye minis ki pi fanatik plan neyoliberal la. Kèk kòmantatè t ap voye monte kòm kwè elit ekonomik la ak lame a t ap chache destabilize gouvènman an. Gade sak te pase depi lè sa a. Sa ta pral pran plis pase 4 mwa pou nouvo Premye Minis la, Michèl Pyelwi (Michèle Pierre-Louis), ke kèk moun te rele ‘pap padap’ poutèt li te blije vini rechaje devan Palman an avan li te pran pouvwa a.<sup>10</sup> Epi tou li tou posib pou Preval kapab pran yon woulib nan mobilizasyon Kavayon an pou l kapab mete Aleksis deyò. Se te Aleksis ki te kreye pati politik Lespwa, epi tou se te Aleksis ki te fè kontak ak sektè Lavalas la.

Kèlkanswa rezon an ki vin parèt oswa rete kache, mobilizasyon an nan 2008 la pat kapab sèlman baze sou ogmantasyon lavi chè a. Jounen jodi a, nap gade pri premye nesosite yo vin piwo pase menm sa li te yè nan Avril 2008. Lane 2011 la, pri pou premye nesosite vin omwens 25% piwo pase endis nan Avril 2008. Menm pou pi bon kouvèti nouvèl, analiz yo an jeneral toujou rete la, nan nivo leta. Li pa analize rasin pi pwofon de sa yo rele “kriz konjonktirèl.”

### “POLITIK VANT”

Leve kanpe kont grangou an Ayiti se te rezilta tou politik ak zak kominote entènasyonal la. Ayiti pèdi dwa granmoun li nan zafè lamanjay. Se rezilta politik neyoliberal gran pwisans etranje tap enpoze depi kèk dizèn lane (Deshommes 1992). Se yon egzanp konkrè de sa Paul Farmer rele “vyolans estriktirèl” (sistèm soudevlopman ak inegalite ki la depi ti konkonm tap goumen ak berejèn) (2004).

Anpil ayisyen esplike sa a kòm kwè se touye USAID te touye kochon

kreyòl yo sou pretèks lafyèw kochon (nan lane 2009, li vin pote yon lòt non, “H1N1”). Kochon kreyòl yo se te “kanè bank” peyizan yo (Diederich 1985). Aksyon sila te touye ekonomi ayisyen nèt, sa ki te kontribye nan voye Divalye ale nan dat 7 fevriye 1986. Anba sipèvizyon militè etazinyen, yon jent militè yo rele CNG ranplase Divalye. Minis finans lè sa a, Lèli Delatou (Leslie Delatour), te enpoze yon seri mezi neyoliberal tankou bese valè goud la, liberalize komès la epi louvri mache agrikòl la bay pwodikè ki soti Etazini yo. Jounen jodi a, peyi Dayiti se ekonomi ki pi “ouvè” nan peyi Amerik yo.<sup>11</sup> Ayiti gen pi ba taks dwannye pami peyi Amerik yo, 9 pousan nan mwayen, dapre Fondasyon Eritaj (Heritage Foundation), rezo fondatè neyoliberalis la, Milton Friedman.

Taks pou diri pi ba toujou jis jounen jodi a. Nan lane 1990 yo, nan jwenn solisyon pou kriz imanité ki te vin aprè peryòd koudeta a nan lane 1991-1994, USAID te bay plizyè milyon dola sou fòm manje (PL-480). Fason yo te òganize èd sa a te febli ekonomi Ayiti a anpil pou plizyè rezon: premye se bay gwo sibvansyon ak diri etazinyen an ki vin rann diri lokal la preske san pri. Dezyèm se lè yo mete pwogram nan sou pye: USAID bay sereyal e òganize pwogram travay pou manje menm lè plantè yo te bezwen fòs travay lòt moun nan sezon rekòlt. Pou fini, nou di ke èd sa a te makonnen avèk anpil kondisyon ki te fè taks dwannye a pi ba toujou epi yon seri lòt avantaj pou biznis etazinyen (Richardson 1997). Depi lè sa a, lane 1995, taks pou diri se 3%. Peyizan yo pa ka fè konpetisyon fas ak yon diri ki pi bon mache. Dapre Frits Dezòm (Fritz Deshommes) nan videyo *Poto Mitan*, “Peyizan, pwodikè diri, vin pa ka vann diri pa l. Kidonk, yo kite pwodiksyon.”

Moun yo te kapab di diferan gouvènman Ayisyen yo te kapab chwazi refize èd sa yo, men fòk nou sonje tou ke majorite lajan gouvènman sa yo te konn itilize te sòti nan enstitisyon entènasyonal yo.<sup>12</sup> Pèp ayisyen an te rele fòm depandans sa a ki toujou febli ekonomi nou an “politik vant” (politique du ventre, an franse – wè egzanp Fatton 2004), ki vle di nou toujou rete tann èd pou moun nan peyi a ka manje. Yon lot jan pou nou ta esplike kòman èd sa a se yon dezonè pou Ayiti, nou ka di se “kalòt nan figi w.” Èd peyi Etazini bay Ayiti toujou ale nan sans kote kondisyon ki tabli èd la; ki vlè di yo ale nan enterè antrepriz etazinyen ankò. Pa egzanp, akò HOPE la te siyen nan mwa desanm 2006 sipoze kreye travay e bese kantite lajan sou taks pou pwodiksyon tèksti yo. Pa gen lontan estimasyon yo te kontinye pi piti pase sa ke yo te prevwa. Nan 50,000 nouvo anlwa lòbi endistri te pwomèt, se sèl 2,000-3,000 ke yo te vin ofri. Lojik HOPE la se ke pou retire 1,50 dola etazinyen pou taks dwannye a pral fè l yon bon investisman pou patwon yo, kidonk yap kouri chache louvri lòt faktori nan Ayiti.<sup>13</sup> Kondisyon andan akò HOPE la bay pi plis avantaj ak antrepriz



etazinyen yo. Akò HOPE la te gen yon kondisyon “Ki te anpeche Ayiti angaje l nan tout aktivite ki te ka ale kont sekirite nasyonal Etazini oubyen kont enterè ekonomik li.”<sup>14</sup> Pou patwon kap jwenn avantaj sa yo, akò HOPE la te mande Gouvènman Ayisyen an pou li te fè pwogrè nan tabli lwa pou elimine baryè li te genyen nan zafè komès ak Etazini.

Anplis èd bilateral la, enstitisyon entènasyonal yo te enpoze Ayiti kèk lòt kondisyon neyoliberal tou pa mwayen plizyè negosiyasyon sou dèt ekstèn peyi a. Nan lane 1991 lè Aristid te vin premye prezidan Ayisyen ki te eli demokratikman, dèt ofisyèl peyi a te 785 milyon dola etazinyen (FMI 2005:27-28), yon gwo moso sa Ayiti te dwe nan lane 2006: 1.463 milyon dola etazinyen (FMI 2007:73). Dèt la te brè tout resous peyi a te genyen ki te kapab investi pito nan pwodiksyon nasyonal la. Pa egzanp, nan lane 2003 Ayiti te dwe peye 57.4 sèlman pou sèvis dèt la tandiske tout èd peyi etranje te pwomèt nan domèn ledikasyon, lasante, anviwonman e transpò te bay sèlman yon total ki te evalye a 39.2 milyon dola etazinyen (FMI 2005a; 88; Bank Mondyal 2002:vii). Sèvis pou dèt Ayiti a pou lane 2007–apre yo diminye l–te 76.3 milyon dola etazinyen.<sup>15</sup> 76.3 milyon dola sila te kapab itil pou devlope peyi a, men dèt la reprezante yon lòt menas: dèt se yon zouti enstitisyon finansye entènasyonal yo mete sou pye pou yo kapab fè sa yo te rele “pwogram ajisteman estriktirèl la” (PAS yo an franse),<sup>16</sup> ak privatizasyon epi komès lib ki fòse ti peyi yo redui depans yo te konn fè nan lasante, ledikasyon ak kredi riral.

Gen yon diskou pwisan ki fè moun kwe konpetisyon ak lib echanj pote richès pou tout moun. Nan lojik sa a kontwòl sou komès ak kantite règleman pou pwoteje mache yo ta dwe refèt. Anpil nan mezi yo te pran pou rezoud kriz ekonomik aktyèl toujou sòti nan lojik sa a men se pa yon lojik ki baze sou enterè ak bezwen Ayiti. Men peyizan Ayisyen pa kapab fè “konpetisyon” avèk peyi Etazini sou yon sistèm lib echanj. Pou koumanse, gen yon plan pou agrikiltè yo ki rele U.S. FARM BILL, sa ki vle di pwojè pou kiltivatè etazinyen. Nan kad “Farm Bill” la, gwo agwo-biznis yo e kèk lòt grenn kiltivatè<sup>17</sup> te resevwa 13.4 milya dola etazinyen kòm sibvansyon nan lane 2006, yon milya sou zafè diri pou kont li! Nan denye 10 lane agwo-biznis sila te touche 177 milya dola etazinyen (Environmental Working Group). Nan menm moman sa a, Òganizasyon Mondyal pou Komès (OMC an franse) te mande anpil fwa pou yo te bese tarif yo ak bay kèk sibvansyon pou peyi Sid yo ke Ayiti fè pati de yo. Konsa li ap yon estrateji pou peyi Nò yo enpoze lòt ti peyi sa yo “lib komès.”

Menm san sibvansyon, an jeneral, kiltivatè ki sòti Etazini yo–endividyèl oubyen ansanm–deja benefisye yon ansanm de politik piblik lakay Etazini pou yo devlope enfrastrikti riral: konstwi ak repare wout,

irigasyon kanal, tretman dlo, ponp ak lòt zouti, ak kredi ki sòti nan fon konsèy federal la. Depi alepòk 19 ak 20tyèm syèk lè Ayiti toujou tap peye pou dèt endepandans li, investisman piblik sa yo te koute anpil lajan. Sitou depi politik neyoliberal te enplante nan lane 1980 yo, Bank Mondyal te fòse rediksyon nan depans pou zafè sosyal yo, ki te fè pati pwogram ajisteman estriktirèl la (Duhaimè 2002).

Enstitisyon entènasyonal yo te kontribye dirèkteman pou ogmante pri sèvis yo nan mwa janvyè 2003, lè FMI te fòse gouvènman Ayisyen an pou li te sispann sibvansyon li tap fè sou gaz la. Sa te vin deklanche imedyatman monte pri taptap ak yon pakèt lòt pwotestasyon. Nan zafè lekonomi peyi Dayiti mezi sa te enpòtan anpil paske timachann yo te konn fonksyone nan yon sitiyasyon ki te pèmèt yo reyalize yon ti benefis avan pri pwodui yo te ogmante plòp-plòp sou mache enfòmèl la, sitou pwodui premye nesite yo. Sa touye nè. Se te nan 2011 nan kad “Wikileaks” nou kapab wè manèv gouvènman Etazini te fè pou l bloke aplikasyon pwoje Petwo-Karibe a depi chanm Sena a ak Depite yo te vote pou li nan lane 2006.

Rezilta tout bagay sa yo ta pral rann Ayiti prèske sou kont pwodiksyon manje lòt peyi yo. Ayiti te konn ekspòte diri, men jounen jodi a li ap enpòte 82% diri moun ap manje nan peyi a, sa ki koute 200 milyon dola etazinyen chak lane (MOREPLA and PAPDA 2004). Ayiti pèdi dwa granmoun ni pou li nourri tèt li ak tout souverènte l tou. Kòm Preval te esplike nan mwa Davril 2008: “Nan lane 1987, lè yo te koumanse ap enpòte diri a bon mache, anpil moun te aplodi sa a men yo pat janm panse enpòtasyon bon mache sa ta pral kraze plantasyon diri lokal yo a. Jodi a, pou enpòte diri fòk ou genyen anpil lajan, epi tou pwodiksyon nasyonal la fin deperi. Se poutèt sa sibvansyone enpòtasyon diri pa yon solisyon.”

Mache enfòmèl depann de gaz, epi pifò pwodwi nan mache Ayisyen sòti lòt bo. Se sa Héléne, yon lidè kominotè epi yon ti machann ki gen 37 an ap esplike nan *Poto Mitan*: “Kalkile w si m ap achte yon mamit diri Madan Gougous pou 30\$, epi m ap achte yon mamit diri Tchako pou 13\$ (ayisyen), alò, map jwenn 2 mamit Tchako epi m ap rete rèz monnen ak kòb yon mamit diri Madan Gougous, m oblije lage kò m nan Tchako. Sa vle di timoun yo ap manje plis.” Kidonk sa pa yon sipriz si pri pwodui premye nesite yo an Ayiti ta menm bagay ak sou mache mondyal la kote pri gaz la tap ogmante san rete epi tou enflasyon sou pri sereyal yo, paske yo ap itilize yo tankou esans pou fè machin fonksyone. Tou sa monte tèt nèg.

### **POUKI SE AVRIL 2008?**

Keksyon an rete menm jan an a savwa pouki sa kriz sa a te rive

an Avril 2008 e pa yon lòt lè? Epitou ki sa sa vle di pou Ayiti jis jounen jodi a? Gen plizye repons ki posib. Chak repons nap jwen depann de ki kote moun kap fè analiz ap kanpe, kisa moun nan ap veye. Avan nou fè diskisyon sa a, fòk nou raple ke nan Jen 2011, lavi chè a vin pi rèd pase jan li te yè nan Avril 2008 la. Men moun yo pa leve kanpe jounen jodi a. Pou reponn ak kesyon sa a, gen plizye ipotèz:

- (1) Li posib pou se fatigue pèp Ayisyen an te fatigue, menm jan avèk peryòd dechoukaj yo, aprè chit Divalye a nan lane 1986.
- (2) Se posib tou ke mobilizasyon sa yo ki te apèn fèt an 2008 yo te fèt san direksyon politik, ki vle di se yon mobilizasyon popilè, kòm Lindsay te rakonte sitiyasyon sa a nan zòn sid peyi a, nan Kavayon. Se kote sa a ke asosyasyon peyizan yo te òganize manifestasyon pasifik pou mande Gouvènman an ak Nasyonzini pou mete yon fen nan pwogram neyoliberal la e an menm tan bese pri diri a.
- (3) Mobilizasyon an ki fèt nan 2 kan diferan ki te gen gwo divizyon sou kesyon Aristid te pèmèt yon opòtinite pou yon rekonsilyasyon ant plizyè lidè pati a ak kèk ONG pwogresis. Pa egzanp, yon sendika tankou Batay Ouvriye (ki te konn kritike Aristid) e CTH (ki te fè antant ak Lavalas), toulède te konn aji pou fòse dirijan yo ogmante salè minimòm nan.
- (4) Li te posib tou pou lakòz kriz la te reprezante yon mank nan sa ki gen pou wè ak gouvènman “inite”(ki vin Inite) Preval la avèk pati Lavalas. Nan yon sètèn mezi, pifò moun ki te vote pou Preval—ki vle di swadizan “pèp la,” majorite moun ki malere/malerèz —yo tap mande yon pi gran wòl nan gouvènans ak pi plis chans pou yo palè. Pifò nan deklarasyon piblik prezidan Preval—ki pa fèt souvan, se vre—pat oryante dapre vizyon neyoliberal la ke pifò baye de fon ta vle, men diskou Preval te kore pwodiksyon nasyonal. Jefò Preval nan sans sa a, plis 364 tòn manje Chavez te bay Ayiti, epitou lòt pwogram pou te ede Ayiti nan zafè kouran ki t ap vin aprè, te kapab fè anpil moun konprann prezidan Preval te vle vire bò kote mouvman lagoch pwogresis la.
- (5) Si nap gade sa ki te fèt aprè, li posib tou ke Preval tap mete mouvman Lavalas la akote. Gade pou wè, menm pati politik Lespwa vin Inite, epi plizye Senatè ak Depite nan pati ki te nan opozisyon Lavalas te ladan. De jou an jou, wòl Lavalas te diminye nan kowalisyon Inite a.
- (6) Li te posib tou pou Senatè Latòti, ki te fè plizyè deklarasyon piblik nan sans pou lame te kapab retabli nan peyi a, te pran kriz sa a kòm yon pretèks Senatè Latòti pou li te kapab destabilize gouvènman

an, epitou pou li te kapab bay enterè enperyalis plis atansyon.

- (7) Li posib tou pou wè mobilizasyon grangou a te okazyone a tankou yon reyaksyon kont fòs MINUSTAH a, yon swivi sou pawòl sekretè jeneral Ban Ki-Moon te di nan dat ki te 2 avril 2008 la: Ekonomi peyi Dayiti pi bon pase 10 dènye lane pase yo. Deklarasyon sa a te yon gwo egareman sou reyalyte pèp Ayisyen ki montre moun Nasyonzini yo pa konprann vreman sak tap pase nan peyi a. Pa egzanp, Frisline ak Solange te esplike kòman yo wè salè yo ki te 70 goud (1.75 dola etazinyen) vrèman pa sifi pa rapò ak pri pwodui mache a. Yo pat kapab bay fanmi yo manje sou ti kòb sa a epi voye timoun lekòl ak peye kay. Diskou Ban Ki-Moon nan te di tou 9.000 sòlda MINUSTAH an Ayiti t ap kontinye manda yo pou plis tan toujou, menm kèk lane. Anpil moun an Ayiti kit se te klas mwayen, klas ONG, kit se ti machann – tout te wè fòs militè Nasyonzini a tankou yon wont pou souverènte Ayiti. An plis de pati ekonomik la, kèk moun, patikilyèman moun nan klas pi defavorize yo ki rete nan zòn tankou Bèlè ak Sitesolèy, wè MINUSTAH nan tankou yon menas depi lè yo te fin tire epi touye anpil moun ki rete nan zòn sa yo. Te gen kèk ONG pwogresis ki te wè MINUSTAH ap enpoze kòm yon “leta restavèk.” Fason MINUSTAH a tap tire sou manifestan yo ak deklarasyon yo t ap fè pou montre sipò yo gen ak Preval pa filyè Ban Ki-Moon e pa filyè kèk grenn gouvènman tankou Kanada. Sa te lakòz yon divizyon ant pèp Ayisyen ki te kreye yon kowalisyon frajil (ki te konstitiye yon gwoup ansyen lennmi) ak gouvènman Ayisyen an ki te jwenn sipò kominote entènasyonal la.

Tankou mwen te pale ak anpil moun an Ayiti nan semenn apre gwo manifestasyon nan Avril 2008, anpil te di mwen: “Se swiv n ap swiv.” Kidonk, moun yo konnen yap pran soufrans, men tou yap kale jè yo pou analize sitiyasyon pou yo relè “nou bouke!” lè yo pa kapab ankò.

Sa ki pi enpòtan sou evennman sa yo ki te pase an 2008 la, se ke si nap chachè konprann Ayiti vre, nou dwe mete sak te rive nan kontèks yo; epitou fòk nou pa ta wè sitiyasyon sa yo tankou bagay ki izole e ki eksepsyonèl a Ayiti (e.g., Trouillot 1994), pou moun ta sèlman konsidere sa anpil moun konn ap di sou pèp Ayisyen an, kòm kwa se yon pèp ki vyolan, san lòd, rayisab epi danjere. Lè moun yo revolte se paske gouvènman Ayisyen an ak tout kominote entènasyonal yo konnen moun yo, yo pa bay yo pasaj, yo fèmen chimen pou yo. Egal pèp la oblige kanpe pou l ka jwen yon lavi.

Okontrè tout moun toupatou nan lemond ta dwe wè Ayiti kòm yon premye avètisman. Ayiti sitiye nan yon pozisyon ki mete li nan bab peyi

Etazini e mete li nan yon sitiyaasyon ki fè li depann de èd peyi etranje. Sitiyaasyon ayisyen an bay yon limyè sou kontradiksyon yo ak malè pandye ki nan zantray sistèm èd entènasyonal la. Pwogram Alimantè Mondyal la te fè nou remake pri pwodui premye nesese yo te ogmante pou plis pase 70% nan tout mond lan nan lane 2008 la, epi 40% nan ete a sèlman (PAM 2008). Anvan Ayiti, te gen yon bann lòt peyi ki te gen manifestasyon, tankou Kamewoun, Ejipt, Bolivi ak Endonezi. Sa yo te rele “manifestasyon lafen yo” se te vrèman premye eklatman ki te montre pou yo pote bonjan chanjman nan sistèm ekonomik mondyal la.

### **KOUPE KÒD YO**

Après nou fin fè refleksyon sou travay sa a, nou mande kisa ki dwe fèt pou Ayiti nan kontèks li yè a? An premye lye, pran prekosyon. Sitiyaasyon sa Ayiti ap viv la toujou rete frajil anpil; egal li enpòtan pou moun fè atansyon pou pa gen twòp moun mouri. Dezyèmman, poze aksyon. Chache bonjan solisyon dirab gen pou baze sou 2 bagay, endepandans nou ak zafè petwòl e keksyon inegalite ki genyen nan distribisyon andann sistèm mondyal la.

Sitou apre 12 Janvyè 2010, sitiyaasyon èd manje te mete chen depandans yo pirèd sou tèt Ayiti. Pri pou tout lwaye pou kay ki pat kraze epi yon lòt fwa ankò yon nouvo vag ogmantasyon pri petwòl la te vini. Gen anpil mil moun ki toujou rete anba tant nan yon sitiyaasyon ki pi frajil ke avan tranblemanntè a. Men nan milya dola ke enstitisyon entènasyonal yo te pwomèt pou Ayiti, si yon ti kal ladan te kore ti peyizan, si ajans sa yo te ede rebati lyen solidarite ant sa k rete anba prela ak gwoupman peyizan yo nan kad yon pwoje premye ijans, peyi a ta ka sou ray pou soti nan kriz lavi chè a. Li pa janm twò ta pou n ta koumanse, pou tout moun ta mete tèt ansanm pou ede Ayiti.

### **Nòt**

<sup>1</sup> Avan tout mwen ta renmen remèsye tout zanmi m ann Ayiti pou sajès yo, pou pale franch avèk mwen, epi pou ba mwen enfòmasyon ak kouraj. Kouraj yo gen fas ak tout pwoblèm yo genyen se yon bon van lespwa. Mwen ta renmen remèsye kòlèg mwen yo ki te ede mwen avèk atik sa a, Reed Lindsey te ede mwen avèk repòtaj epi Brian Concannon te bay kesyon kritik. Pwogram “CIP”–Americas Policy Program –te pibliye yon premyè vèzyon tèks la an angle. Mwen ta renmen remèsye tou William ak Lency pou ede mwen avèk tradiksyon ann Kreyòl.

Nan atik sa a, mwen sèvi ak mo “Etazinyen” olye ke “Ameriken” paske nou tout fè pati de peyi “Amerik” yo. Poukisa se sèl moun kap soti Etazini ki gen dwa pou rele tèt yo Ameriken? Gen lòt kòlèg mwen nan Inivèsite Deta Dayiti ki sèvi

ak mò sa a, tankou Jean Yves Blot, Charles Vorbe, ak Janil Lwijis. Moun nan sektè popilè ak pwogresis sèvi ak mò sa a tou, pou kritike ideyoloji enperyalis ki sòti nan diskou Monroe: “Amerik pou ameriken yo.”

- <sup>2</sup> Pou pwoteje zanmi m yo, mwen kache vre nom pa yo.
- <sup>3</sup> Anpil moun ki te nan klas mwayèn an, pwopryete kay kote yo te abite yo te fòse yo bay kay yo pou yo te kapab anfème ak sòlda UN yo.
- <sup>4</sup> Pri trafik la te ogmante 2 fwa plis pou plizyè zòn nan Pòtoprens sòti nan lane 2003 rive nan yon bout ane 2005. Kous la te sòti nan 5 goud pou rive nan 10 goud. Li kontinye ogmante jiska Jen 2011, lè atik la te edite.
- <sup>5</sup> Sou sitiyaasyon Ayiti, fòk nou rann nou kont ke pri pou gaz toujou piwo pase lòt peyi, pou kèk rezon. Youn se monopòl yon ti gwoup moun genyen sou mache ayisyen nan. Globalman pri esans lan pat monte nan lòt peyi jan li te monte an Ayiti; an verite Ayiti te konn peye gazolin nan pi chè pase tout lòt peyi nan rejyon an (FMI 2007:56).
- <sup>6</sup> Nan yon konferans ki te fèt nan vil Washington nan mwa jiyè 2004 peyi donatè yo te pwomèt pou yo te akòde yon kantite lajan ki te evalye a 1.4 milya dola etazinyen a Gouvènman Latòti a.
- <sup>7</sup> Li te sètènman vrè sistèm palmantè a ki genyen divès kalite pati ki t ap dirije li, kreye plizyè lòt kowalisyon menm tandans. Men “gouvènman inite” ayisyen an ki te genyen reprezantan tout pati yo, sòti nan pati goch yo pou rive nan dwat. Te menm gen minis ki te fè pati Gouvènman an ki pat genyen okenn reprezantan nan palman an e ki te resevwa 1% nan vòt pou prezidans lan.
- <sup>8</sup> Dapre moun ki nan gouvènman Chavez la, Petwo-Karibe te toujou rete san aplikasyon paske leta poko te fin negosye avèk gwo konpayi petwòl prive yo. Se youn nan kòz kote pri gaz te remonte nan fin mwa Jen 2008. Youn nan premye atik ke *The Nation* te pibliye ak jounal *Haiti Liberté* te pibliye nan kad “Wikileaks” (1 Jen 2011) te mete yon limyè sou wòl gouvènman Etazini te jwe nan bloke pwoje Petwo-Karibe a.
- <sup>9</sup> Gwo komèsan yo te dakò pou yo te pran 3% sou maj benefis yo te konn fè.
- <sup>10</sup> Konpayi Digicel la te apèn koumanse yon kanpay sou “pap padap,” yon rechaj pou telefòn apati 5 goud.
- <sup>11</sup> Lajan pou debake ladwàn pi ba nan zòn Ayiti sitiye a. Sof gazolin, li te varye ant 0 ak 15% “sa te trè vizib nan lane 2000” (FMI 2007:54): sa te vin bay dapre prensip FMI, yon mwayèn 9% dapre Fondasyon Eritaj.
- <sup>12</sup> Nan mitan lane 1990 li te bay 90% (Morton 1997: vi), pita li te estime a 65% (Mulet 2007).
- <sup>13</sup> Envestisman prive dirèk yo an Ayiti te evalye a 4.7 e 7.8 milyon dola Etazini nan lane fiskal 2002 ak 2003 (FMI, 2005b: 240)
- <sup>14</sup> Seksyon (d)(2) nan akò HOPE la, ki se yon sig Opòtinite Peyi Amerik yo pou Ankourajman ak Patenarya – ki pa gen bon sans menm nan orijinal ann angle

(Haitian Hemispheric Opportunity through Partnership Encouragement). Sak enpòtan se sig, ki di “lespwa.”

- <sup>15</sup> Bank mondyal ak BID gen sou sit entènèt pou tout pwogram pèyman sa yo (al gade Weisbrot ak Sandoval 2007).
- <sup>16</sup> Akòz opozisyon ki te genyen kont pwogram dèt sa a, kounye a yo rele li “prè pou politik devlopman,” oubyen “rediksyon povrete ak fasilite pou kwasans ekonomik.”
- <sup>17</sup> 10% nan kiltivatè yo –vle di agwo-biznis– te resevwa plis pase 75% sibvansyon dapre etid sa a.

### **Dokiman konsilte**

Bellegarde-Smith, Patrick

1982 Race, Class and Ideology: Haitian Ideologies for Underdevelopment, 1806-1934. New York, N.Y.: American Institute for Marxist Studies.

Bergan, Renée and Mark Schuller

2009 *Poto Mitan: Haitian Women, Pillars of the Global Economy*. Watertown, MA: Documentary Educational Resources.

Deshommes, Fritz. 1992. *Vie Chère et Politique Économique en Haïti*. Port-au-Prince: L'Imprimeur II.

Diederich, Bernard

1985 Swine Fever Ironies: the Slaughter of the Haitian Black Pig. *Caribbean Review* 14(1):16-17, 41.

Duhaime, Eric

2002 Haïti: Pourquoi Payer la Dette de Papa Doc? Jubilé 2002 Haïti.

Farmer, Paul

2004 An Anthropology of Structural Violence. *Current Anthropology* 45(3):305-325.

Fatton, Robert

2004 The Haitian Authoritarian Habitus and the Contradictory Legacy of 1804. *Journal of Haitian Studies* 10(1):22-43.

Gaillard-Pourchet, Gusti-Klara

1990 L'Expérience haïtienne de la dette extérieure. Port-au-Prince: Maison Henri Deschamps.

International Monetary Fund

2005a Haiti: Selected Issues. Pp. 101. Washington: International Monetary Fund.

2005b Haiti: Use of Fund Resources—Request for Emergency Post-Conflict Assistance—Staff Report; Staff Supplement; Press Release on the Executive Board Discussion; and Statement by the Executive Director for Haiti. Pp. 81. Washington: International Monetary Fund.

2007 Haiti: Selected Issues and Statistical Appendix. Pp. 76. Washington: International Monetary Fund.

Jadotte, Evans

2006 Income Distribution and Poverty in the Republic of Haiti. Pp. 40. Quebec: Poverty Monitoring, Measurement and Analysis.

MOREPLA, and PAPDA

2004 Kòmansman mobilizasyon pou defann pwodiksyon nasyonal la. Pp. 4. Pòtoprens.

Morton, Alice

1997 Haiti: NGO Sector Study. Pp. 52. Washington, DC: World Bank.

Mulet, Edmund

2007 Speech at the Center for International and Strategic Studies. In A Roundtable with Ambassador Edmund Mulet. Washington.

Richardson, Laurie, and Grassroots International

1997 Kenbe Peyi a Sou Kontwòl, Demokrasi Nan Grangou Men Politik USAID an Ayiti. Pp. 96. Boston: Grassroots International.

Smith, Jennie Marcelle

2001 When the Hands are Many: Community Organization and Social Change in Rural Haiti. Ithaca: Cornell University Press.

Trouillot, Michel-Rolph

1994 Haiti's Nightmare and the Lessons of History. NACLA Report on the Americas XXVII(4):46-52.

Weisbrot, Mark, and Luis Sandoval

2007 Debt Cancellation for Haiti: No Reason for Further Delays. Pp. 14. Washington: Center for Economic and Policy Research.

World Bank

2002 Haiti: External Financing Report: October 1, 2000 - September 30, 2001. Pp. 37. Washington: World Bank.